Novanm 2026

Chè fanmi,

Nan Lekòl Leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS), nou kwè chak timoun merite pou santi yo ansekirite, byenveni epi yo bay yo valè. Lekòl nou yo se kote pou tout elèv aprann ak jwenn opòtinite, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon, peyi orijin oswa lang yo pale lakay yo.

Nan mwa septanm lan, mwen te fè konnen angajman nou pou sipòte tout timoun ak fanmi, ladan kominote imigran nou yo. Jodi a, pandan aksyon pou aplike lwa imigrasyon kontinye kreye ensètitid ak enkyetid pou anpil Nouyòkè, mwen vle reyafime angajman sa a: **Chak timoun gen plas li nan lekòl nou yo, epi chak fanmi enpòtan nan kominote lekòl nou an.**

Nou vle chak fanmi santi yo gen enfòmasyon, yo prepare epi yo jwenn sipò; se poutèt sa nou fèk mete pwotokòl nou yo ajou konsènan entèvansyon fòs lòd ki soti andeyò zòn lan avan kòmansman lekòl la. Revizyon sa yo konsidere arive, ranvwa, aktivite andeyò lekòl la, ak pwogram aprelekòl ak wikenn. *Gid sou dwa ak resous pou fanmi imigran (Immigrant Family Rights and Resources Guide)* ki vini avèk lèt sa a bay enfòmasyon sou pwoteksyon elèv, pwosedi pou sekirite lekòl, plan pou ijans, èd pou lòt lang ak resous legal ak kominotè ki disponib. Fanmi ka ale sou schools.nyc.gov/ProjectOpenArms pou jwenn plis enfòmasyon.

NYCPS pa mande ni kontwole sitiyasyon imigrasyon elèv ak fanmi yo epi nou pwoteje enfòmasyon elèv dapre lwa federal ak lwa eta a sou vi prive. Nou suiv tou pwotokòl estrik lè pou nou bay otorite anfòsman imigrasyon repons.

Angajman nou anvè fanmi imigran nou yo klè: Nou akeyi chak timoun, nou trete chak fanmi ak diyite epi nou sipòte chak elèv. Pitit ou a gen plas li nan salklas nou yo. Nou kanpe avèk ou nan sipòte edikasyon l ak byennèt li.

Mèsi pou konfyans ou mete nan nou pou edikasyon pitit ou a ak poutèt ou se manm enpòtan kominote lekòl nou an.

Eskane Kòd QR la pou jwenn aksè nan Gid sou dwa ak resous pou fanmi imigran

Nan kolaborasyon,

Kamar H. Samuels
Chanselye